

Wouj, Blan, Nwa ak Lò

31 Out 2023

Chè Terps,

Inivèsite nou an ban nou anpil rezon pou nou fyè. Pwogram akademik nan nivo entènasyonal. Atis eksepsyonèl ak chèchè ki ap inove. Pwofesè ki resevwa prim. Manm pèsonèl ekstrawòdinè epi ki bay atansyon. Ansanm, nou ap dirije ekselans kolektif nou an pou leve pi gwo defi ki genyen nan epòk nou an.


Epitou, pwogram espòtif nou yo pouse nou fyè pou nou tout. Gen plis pase 500 elèv-atlèt eksepsyonèl ki fyè pou yo pote koulè wouj, blan, nwa ak lò a sou teren ak pis yo pandan tout sezon an. Kominote nou gen isit la nan College Park ansanm ak plis pase 400,000 ansyen elèv nan lemonn antye kontan pou siksè yo a.

Demen, se Jounen Koulè Inivèsite. Nan tout peyi a, kanpis inivèsite yo ap pote koulè lekòl yo a avèk fyète nan okazyon kòmansman sezon foutbòl ameriken nan inivèsite yo. Maryland Terrapins nou an ap kòmanse sezon an samdi kont Towson a 3:30 p.m. nan SECU Stadium. Kòm rapèl, tout pwofesè ak manm pèsonèl yo kapab mande jiska de (2) biyè gratis pou match samdi a, epi yo gen jiska demen midi pou fè sa. [Reklame tikè Maryland Football ou a gratis la a.](#)

Pou komemore Jounen Koulè Inivèsite a, pou montre nou ap soutni Maryland Football ansanm ak tout pwogram espòtif nou yo, epi pou montre nou fyè pou inivèsite nou an, nou ap mande kominote kanpis nou an—pwofesè, manm pèsonèl ak elèv yo—pou mete koulè nou yo avèk fyète demen, 1^{ye} septanm nan epi chak vandredi pandan ane sa a.

Wouj, blan, nwa ak lò Se koulè nou yo sa. An nou mete yo avèk fyète. Epi, an nou fè "Maryland Fridays" (Vandredi Maryland yo) vin yon nouvo tradisyon sou kanpis la. Epi, nou espere wè nou tout nan SECU Stadium samdi pou soutni Kotch Locksley ak ekip la.

Ale Terps!

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being more prominent and the last name "Pines" following in a similar style.

Darryll J. Pines

Prezidan, University of Maryland, College Park

Li (Pwonon Maskilen)



Damon Evans

Barry P. Gossett Direktè Espòtif

University of Maryland

Li (Pwonon Maskilen)



Vis Prezidan pou Zafè Elèv yo

Li (Pwonon Feminen)